

# Di Yo Ke Mwen Renmen Yo

Resevwa Yon Revelasyon De  
Lanmou Bondye Pou Ou



# JOYCE MEYER

Otè #1 ki plis vann nan *New York Times*

# **Di Yo Ke Mwen Renmen Yo**

Resevwa Yon Revelasyon De Lanmou Bondye Pou Wou

Joyce Meyer

Otè #1 ki plis vann nan New York Times

Dwadotè © 2003, 2007 Joyce Meyer

Tout dwa rezève. Dapre Dwadotè nan peyi Etazini nan lane 1976, telechajman elektwonik ak pataj elektwonik nenpòt pati nan liv sa a san pèmisyon Editè a se yon pirataj ilegal ak vòl pwopriyete entèlektyèl otè a. Si ou vle sèvi ak materyèl liv sa (eksepte pou revizyon), ou dwe dabò jwenn Pèmisyon otè a ke'w kapab jwenn lè'w kontakte Piblikatè a nan [permissions@hbgusa.com](mailto:permissions@hbgusa.com). Mèsi pou sipò ou sou Dwadotè a.

Sof si gen lòt ki endike yo, tout sitasyon ki ekri nan liv sa, yo te pran yo nan Bib la Vèsyon Kreyòl Ayisyen. (VKA) Dwa dotè © 1954, 1962, 1965, 1987 pa Fondasyon Lockman. Itilize sou otorizasyon.

Ekriti mak VKA yo te pran'l nan Vèsyon Kreyòl Ayisyen an. Dwadotè © 1979, 1980, 1982 pa Thomas Nelson, Inc.

Ekriti mak Ayisyen, yo te pran nan Bib la Vèsyon Kreyòl Ayisyen.

FaithWords  
Hachette Book Group  
237 Park Avenue  
New York, NY 10017

[www.faithwords.com](http://www.faithwords.com)

Enprime nan Peyi Etazini Damerik

Premyè Edisyon: Fevriye 2003

Re-Edite: Oktòb 2007

14 13 12 11 10

FaithWords se yon pati nan Hachette Book Group, Inc.

Non FaithWords la ak Loge a se mak Hachette Book Group, Inc.

Biwo konferansye Hachette la bay anpil otè nan domèn lan pou evènman pale yo.

Jwen plis enfòmasyon lè'w ale sou [www.hachettespeakersbureau.com](http://www.hachettespeakersbureau.com) oubyen rele nan (866) 376-6591.

Piblikatè a pa responsab okenn sit (oswa kontni yo) ki pa pwopriyete Piblikatè a.

## **Kontni**

Entwodiksyon

- Bondye Renmen Ou
- Eske mwen bon ase?
- Lanmou se yon Relasyon
- Lanmou, Verite e Lafwa
- Libète laperèz
- Lanmou lonje men bay
- Lanmou Bondye pral fè gwo chanjman nan ou  
Fè eksperyans de yon nouvèl vi

## Entwodiksyon

Mwen kwè ke sa moun bezwen plis ke nenpòt bagay se yon revelasyon pèsonèl sou lanmou Bondye gen pou yo kòm moun. Mwen kwè ke konpreyansyon sa se yon fondasyon souki lavi viktoryez etan ke yon kretyen dwe kanpe. Nou pa bezwen "gwo konesans nan tet nou" konsènan lanmou Bondye; nou bezwen yon revelasyon sou lanmou Li nan kè nou. Se sèlman Sentespri a ki ka bay sa a, epi Li pral fè sa nan fason pou nou medite sou lanmou Bondye, obsèvè lanmou Bondye nan pwòp vi nou, epi chèche revelasyon sa atravè labib e atravè lapriyè.

Se trè fasil pou'w aksepte ke Bondye renmen lemond ase pou Li voye Jezi mouri pou peche chak moun. Men, li kapab yon tikras pi difisil pou'w kwè ke Bondye renmen'w telman, ke Li voye Jezi mouri pou ou menm e ou menm sèl si ou te sèl moun ki t'ap viv sou latè.

Aprè anpil ane ke mwen te pase kòm yon kretyen fristre, mwen fini pa rive konprann lanmou Bondye. Pa pouvwa Sentespri a, Bondye te fè'm gras pou Li te revele'm lanmou Li gen pou mwen nan yon plan pèsonel. Yon senp revelasyon konsa rive chanje lavi'm toutantye e mach mwen avèk Li.

Mwen kwè ke sa'w pral li nan liv sa pral pote yon nouvèl konpreyansyon sou lanmou Bondye gen pou ou. Mwen kwè ke li pral mete yon nouvèl anvi nan ou pou'w rive jwenn pwòp revelasyon pa'w sou lanmou Bondye gen pou ou. M'ap mande'w pou'w pran san'w pou'w li liv sa, itilize'l tankou yon èd pou etid ou sou pawòl Bondye, medite sou pawòl yo ak sou panse ke'w pral twouve nan paj ke'w pral jwenn aprè yo.

Mwen soumèt ou liv sa ak anpil imilite, konnen ke mwen pa anyen san Bondye e kelkeswa revelasyon oubyen konpreyansyon ke mwen gen sou pawòl Bondye se paske Bondye fè'm gras pou sa.

**DI YO KE MWEN RENMEN YO**

## BONDYE RENMEN'W

*Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pèdi lavi yo. Okontré y'a gen lavi ki p'ap janm fini an.*

-JAN 3:16

Bondye vle fonde yon fanmi avèk nou, se konsa li te fè nou pou pitit Li. Li pa vle pou nou aji tankou timoun piti, men Li vle pou nou aji tankou pitit fi Li ak tankou pitit gason Li. Li vle pou nou depann de Li, Li vle pou nou apiye nou sou Li lè bagay yo parèt nwa pou nou, Li vle pou nou renmen Li e pou nou kite Li renmen nou. Li vle pou nou fè'l konfyans, e pou nou pote tout chay nou yo ba Li. Li vle pou'l ta gen yon relasyon pèsonèl ak chak gress moun kap viv sou tè a.

Pifò nan nou panse ak pasaj Biblik Jan 3 :16 la nan twò gwo tèm. « O wi, mwen konnen Jezi te mouri pou lemond» se sa nou di, men "lemond" pa yon paket moun ke Jezi te mouri pou yo tout ansanm. Jezi te mouri pou chak gress moun k'ap viv sou tè a. Jezi te mouri pou ou !

Si ou te sel gress moun ki tap viv sou sifas tè a, Li tap mouri jis pou ou, Li tap pran tout soufrans ke Li te andire yo jis pou ou paske Li renmen ou anpil. Li gen yon lanmou pou ou ki p'ap janm fini. (Gade Jeremi 31 :3)

Yon jou pandan mwen t'ap kondwi, Bondye di'm « Joyce, ou konnen ou se je Mwen ». Touswit ènmi an rantre nan mwen pou'l di : « Oh, èske sa se pa yon pakèt fyète » Ki moun ou panse ke'w ye ? Donk lè'm reflechi mwen di tèt mwen : *Oh non mwen pa dwe panse konsa.*

Nou pa reyalize jan nou se moun espesyal, e jan nou gen kado etonan, talan ak kapasite ke nou menm lèzòm nou patap janm ka panse. Men verite a sèke nou chak se yon moun inik ke Bondye kreye. Bondye renmen bagay ki varye, se pou sa nou pa dwe bay tèt nou pwoblèm lè nou wè nou pa menm jan ak yon lòt moun ke nou konnen paske nou chak se yon moun inik.

Pandan ke m'ap panse ak sa Bondye te pale ak kè mwen, mwen imajine nan lespri'm yon dam ki kanpe nan yon mache bò yon gwo panye ki plen ak pòm. Li chwazi pamè tout pòm ki nan panye a sa ki paret pi bel e pi bon nan je'l pou'l achte. Se konsa mwen konprann mesaj Bondye a ke mwen te pi *bon pòm* nan je Li. Mwen te sa ki pi espesyal la pou Bondye. Sa pa jis, men ou wè, se nan fason sa ke Bondye wè nou chak. Li pa vle di ke se ou ki pi bon e ke lòt moun yo pa bon non. Men li vle di ke nou tout espesyal nan je Li. Sa soti nan pawòl Bondye a, e ke pawòl la se pou chak gress moun k'ap viv sou tè a li ye. Ou se je Bondye.

Nan moman sa, mwen pa't ka wè sa Bondye te vle di'm lan paske mwen t'ap pouse kò'm panse ke se mwen ki pi bon lè Bondye di'm ke mwen se je Li. Men de jou aprè sa te fin pase, lè mwen louvri Bib mwen nan Sòm 17 :8, pawòl la frape nan figi'm : « Pwoteje'm tankou gress je ou. Kache'm anba zèl ou ». Mwen di « Wow, se te vrèman Bondye ki te pale ave'm lan, mwen se je Bondye. Li te fè'm santi'm espesyal a chak fwa ke mwen panse ak sa. Eske ou konnen ke Bondye vle pou'w santi'w espesyal, li vle ke'w santi'w presye e renmen.

Moun toujou gen dezi nan kè yo pou moun renmen yo. Se fason sa ke Bondye te fè nou. Anpil moun kwè ke Bondye renmen lèzòm e ke Li renmen Jezi. Men yo vrèman gen difikilte pou yo kwè ke Bondye renmen yo pèsoneiman. Epoutan, pawòl la aprann nou ke Bondye renmen nou otan ke li renmen Jezi. Papa a renmen Pitit la, li moutre'l tou sa li menm l'ap fè. Li gen pou'l moutre'l fè bagay ki pi estwòdinè pase sa. Lè sa a, nou p'ap manke pa sezi. (Jan 5 :20)

Bondye di isit la, "m'ap fè tout bèle bagay sa atravè Jezi, bagay ki pi gwo pase sa a atravè Jezi, ke nou p'ap manke pa sezi lè nou wè yo". Bondye vle etone nou nan fè anpil bèle bagay pou mete jwisans ak kè kontan nan lavi nou.

Nou li pawòl Bondye yo, men souvan nou manke wè sa Bondye vle fè pa sèlman pou nou, men espesyalman nan nou. Li vle nou fè yon gade nan gwo travay yo ke Li te fè pa mwayen Jezi, epi lè sa a kwè ke Li ta vle fè menm pi plis bagay ke sa yo nan nou: "Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Moun ki mete konfyans li nan Mwen, li gen pou'l fè tout sa m'ap fè a. La menm rive fè pi gwo bagay toujou, paske Mwen pral jwenn Papa a."(Jan 14:12).

Bondye fè anpil bagay pou nou menm lèzòm chak jou men malerezman nou pa janm wè sa. Yo pa rekonèt sa ditou. Lè solèy la leve chak jou, li leve pou ou ak mwen. Flè a fleri nan plizyè varyete jis pou fe nou plezi. Mond sa ke Bondye kreye pou nou an gen yon bote eksepsyonal. Se yon kote ke nou genyen pou nou viv e pou nou admire'l. Jenèz 1 di nou ke Bondye bay moun pouvwa e Li di nou pou nou itilize tout resous tè a nan sèvis Bondye ak lèzòm.

Lè lapli a vini nan sezon li, li tonbe pou nou. Lè nèj la vini, li vini pou nou. Se Bondye ki kontwole kote n'ap mete pye nou e lap veye sou nou lajounen kou lannwit.

Deteronom 7:9 di: "Se pou nou rekonèt Seyè a, Bondye nou an, se sèl Bondye ki genyen, sèl Bondye k'ap toujou kenbe pawòl Li. Wi, l'ap toujou kenbe kontra Li pase a. L'ap toujou renmen moun ki renmen'l, moun ki fè tou sa'l mande yo fè, de pitit an pitit, pandan mil jenerasyon".

Lanmou Li gen pou nou se yon lanmou enkondisyonel e ki p'ap janm fini. Anpil nan nou panse ke nou kapab fè Bondye sispann renmen nou akoz peche nou yo ak fot nou yo. M'ap di nou ke nou paka fè sa. Pa gen pyès moun ki ka anpeche Bondye renmen'l, paske lanmou se pa yon bagay ke Bondye kreye men lanmou an menm se Bondye li ye.

Si ou panse ke ou se sèl moun ki twò pa bon pou Bondye renmen ebyen m'ap di'w ke ou antò si'w panse konsa. Pa gen twou ki twò fon pou Bondye desann al pran'w e retire'w ladan'l. Li gen yon plan pou li restore lavi'w. Li pa sèlman padone peche nou yo lè nou mande'l sa ak yon kè ki sensè, menm jan kote solèy la leve a byen lwen ak kote li kouche a, se konsa li wete peche nou yo, li voye yo jete byen lwen nou. (Sòm 103: 10-14)

Ou ka di, "mwen te resevwa Jezi nan kè'm, e mwen renmen Li." men, Mwen ka mande'w, konbyen ou kwè ke Bondye renmen ou?

Lanmou enkondisyonèl ki p'ap janm fini an ke Bondye gen pou nou an se yon mesaj, men se sitou yon baz ke Li mete nan lavi nou pou nou rive konprann tout lòt bagay yo. Mwen kwè ke li se kòmansman tout gerizon maladi nan lavi nou.

Kelkeswa bagay ou te ka aprann, gwo etid ak rechèch ke'w te ka fe sou bagay Bondye yo, si ou pa aksepte lefèt ke li renmen'w san kondisyon, ou p'ap janm rive fè okenn pwogrè nan vi ke'w

vle mennen ak Bondye. Nou resevwa bagay nan men Bondye pa la fwa, e menm konfyans sa fè nou viv ak renmen nan kè nou (Galasi 5:6). Si nou pa resevwa lanmou Bondye gen pou nou an nou p'ap ka resevwa okenn lòt bagay de Li.

Lanmou Bondye a tou pèmèt nou viv san okenn krentif (1 Jan 4:18), li se baz la pou nou rive jwi lavi ke Bondye ba nou an epi reyalize destine nou. Eske w'ap resevwa lanmou Bondye gen pou ou a? Li pa pou vann, ni ou paka achte li ak okenn kòb ... Tout sa'w gen pou'w fè se resevwa lanmou sa jiskaske ou pa kapab ankò.

## Eske Mwen Bon Ase?

*Espwa sa a p'ap janm twonpe nou, paske Bondye te fè nou wè jan l' renmen nou lè li ban nou Sentespri li. Se konsa, lè nou pa't kapab fè anyen pou tèt pa nou, Kris la mouri pou tout moun ki meprize Bondye, nan tan Bondye te fikse pou sa te rive a. Se pa fasil pou ou jwenn yon moun asepte mouri pou yon nonm ki gen rezon. Ou ta ka jwenn yonn konsa ki ta gen kouraj mouri pou yon nonm debyen. Sou pwen sa a, Bondye moutre nou jan li renmen nou anpil; paske nou t'ap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou.*

*Se paske li bay san li pou nou kifè koulye a Bondye fè nou gras. Nou pa bezwen mande si Kris la p'ap delivre nou tou anba kòlè Bondye. Nou te lènmi ak Bondye lè Ptit Bondye a mouri pou'l te fè nou byen ak Bondye ankò. Koulye a nou se zanmi Bondye, nou pa bezwen mande si lavi Ptit Bondye a p'ap delivre nou.*

**—WOMEN 5:5-10**

Anpil nan nou kwè ke Bondye renmen yo sèlman lè yo fè sa ki bon. Pifò nan nou pa renmen tèt nou, alor nou konkli pou nou di ke Bondye p'ap twò enpresyone de nou nan fason ke nou ye a. Epoutan Bib la fè nou konnen nan Sòm 8:4 “Kisa lèzòm ye pou Bondye sonje yo konsa? Kisa yo ye menm pou Bondye pran ka yo konsa”? Nou se senpleman kreyasyon Bondye, e Li gen lanmou pou nou paske Li renmen nou. Bondye se renmen an menm (1 Jan 4:16). E Bondye renmen nou paske Li vle.

Li renmen ou, e ou trè espesyal. Sa vle di ke ou diferan e inik. Ou pa sipoze jan ke mwen ye a, e mwen pa sipoze jan ke ou ye a. W'ap fè tout vi'w ap soufri si w'ap chèche konpare tèt ou ak lòt moun oubyen si w'ap chèche rantre nan konpetisyon ak lòt moun. E lè'w aji konsa, se pye w'ap bay ènmi an sou ou pou fè'w konnen ke'w pa bon ase. Men, verite se, avèk Bondye ou pa bezwen « bon ase ». Jezi te gentan « bon ase » nan plas ou. Li peye pou peche nou yo e Li pran pinisyon ke nou menm merite yo.

Bib la di ke si Li te renmen nou ase pou Li mouri pou nou, se paske Li bay san Li pou nou kifè kounye a Bondye fè nou gras, èske kounya li renmen nou (Women 5 :8-9) ? Li sètènman renmen nou ase pou Li kouvri erè ke n'ap fè chak jou yo e Li kenbe nou pwòp anba tout sa ki mal.

Men yon egzanp sou jan mwen kwè Bondye wè erè nou ak feblès nou. Imagine yon timoun twa a kat lane konsa, ki toujou ap gade manman'l k'ap fè travay nan kay. Li tèlman renmen manman'l ke li pran yon ti bokit dlo ak yon moso twal e li ale nan fenèt ki bay sou lari a. Li fwote fenèt la byen fwote, aprè li al pran papye twalèt pou li siye fenèt la.

Men wi, fenèt la te vin pi sal ke jan li te ye avan ak ekip savon ki gonmen ladan'l, e se avèk twal ke manman'l konn byen netwaye vit yo ke li fè salte sa yo nan vit la. Men aprèsà li ale

jwenn manman'l pou'l di'l avèk ti vwa janti li a : Manmi, Manmi, mwen sot lave fenèt ou a. Mwen vrèman fè yon bon travay pou ou Manmi, mwen renmen'w Manmi.

Manman an di: « oh cheri, se yon bèle travay ke ou fè wi la. Mèsi paske ou te ede mwen ». Après, pandan ke pitit la deplase al fè yon travay nan yon lòt kwen kay la, manman netwaye salte ke pitit la te fè a. Pi devan, manman ankouraje pitit fi li a pou li mande èd e aprann fè travay nan kay pi byen.

Se sa Bondye fè pou nou. Bondye ap travay pou byen tout moun ki renmen l', pou byen tout moun li te fè lide rele (Women 8 :28). Si w'ap fè sa ki pi bon an se paske ou konnen kijan pou'w fè'l, se tout sa Bondye ap tann de ou. Li kapab e Li pral fè ou fè pwogrè si ou kontinye ap chèche Li. Li va fè ou sanble ak Li, tout sa pou glwa Bondye

Se sak fè, moun Bondye voye a, se pawòl Bondye l'ap pale, Bondye pa ba'l Sentespri a yon ti kras oubyen pa mezi, men Li ba li Sentespri a san mezi, sa se kado Bondye ba nou. Papa a renmen Pitit la, li ba li pouvwa sou tout bagay. (Jan 3 : 34-35)

Yon jou pandan mwen t'ap etidye vèsè sa, yon gwo kontantman anvayi kè mwen lè'm reyalize ke Bondye pa ba nou Sentespri a pa mezi. Li pa jis ba nou yon ti kras nan sa, yon ti kras nan yon lòt bagay. Li se yon moun ki bay san rezèv e li kapab fè pi plis pase tou sa nou ka mande, pi plis pase tou sa nou ka mete nan lide nou. (Efezyen 3 :20)

Nan Deteronom 7 :6-7, Bondye di : « Ou se yon pèp k'ap viv apa pou Seyè a, Bondye nou an. Se nou menm Seyè a, Bondye nou an, te chwazi nan tout pèp ki sou latè pou Li fè nou tounen yon pèp ki rele'l pa Li. Si, nan tout pèp ki sou latè, se nou menm Seyè a te pi pito, si Li te chwazi nou, se pa paske nou te gen plis moun nan pèp nou an pase lòt yo. Okontré, se nou ki te gen pi piti moun.

Sa se bagay ki pou fè kè nou kontan. Bondye di : « Mwen mete tout lanmou mwen nan ou e mwen di ke ou sen. Mwen vle'w konnen ke ou très espesyal, mwen chwazi ou se pa paske ou bon oubyen ou pwòp, men mwen chwazi ou paske mwen renmen ou. « Eske'w konnen kisa Bondye vle ou fè jodia ? Li vle ke ou aksepte lanmou Li gen pou ou a. Sipann pale Bondye de tout sa ki pa bon nan ou, paske malgre tou ou pa yon surpriz pou Bondye. Li konnen tout bagay sou ou ki gen ladan yo chak erè ke ou pa te dwe janm fè lè Li te rele'w pou Li te fòme yon relayson ave'w.

Pi gwo pwoblèm ke laplipa nan nou genyen sèke nou pa renmen tèt nou. Nou pa kwè Bondye renmen nou, ou ke nenpòt lòt moun renmen nou. Nou toujou ap met nan tèt nou, pou eta mwen ye kòman Bondye ta fè renmen mwen ? Si ou panse ou se yon move moun ebyen ou pral aji kounya tankou move moun. Ou paka pwogrese ak vye imaj sa ke ou kenbe nan ke ou de ou menm.

Pi gwo pwoblèm mwen te genyen sèke mwen pa't renmen tèt mwen, sa fè mwen pase majorite nan tan mwen ap eseye chanje'm nan fason mwen panse ke'm t'ap pi bon. Mwen te panse ke'm te konn pale twòp, alor mwen fè efò pou'm rete an silans. Men lè'm rete kounya mwen pa pale, mwen vin santi'm kè'm sere e mwen te vin parèt pal, lè sa moun vin kòmanse ap poze'm kesyon pou yo konnen poukisa mwen rete an silans konsa. Alò mwen di : *bon nou te konn ap*

*di'm pale twòp epi kounya n'ap mande'm poukisa mwen rete an silans konsa. Kite'm arepo'm paske m'ap eseye rete an silans.*

Mwen paka di nou konbyen ane mwen pase ap viv jan de sitiyasyon parèy ke sa mwen sot esplike nou la, e sa pa anpeche ke mwen toujou tonbe nan pwoblem akoz bouch mwen. Gen anpil moun ki renmen pale anpil ki marye ak moun ki trankil e rezève, konsa tou gen moun ki trankil e rezève poutan ki marye ak moun ki pale anpil. Dyab la pran plezi'l nan sa e li vle toujou ap raple'w jan'w renmen pale anpil. Li travay di anpil pou'l few santi'w koupab e kondane'w pou pawòl ou di ke'w pat dwe di.

Bondye vle libere'w de tout kondanasyon, men ou bezwen anpil lafwa epi kwè ke'w libere. Ou konnen ke pa gen okenn kantite lajan oswa okenn kilpabilite pwofon ou ka janm santi te kapab peye pou yon sèl bagay ou te fè oswa ta ka fè ki mal? Kwè ke Bondye renmen ou lè ou fè yon bagay mal kapab byen yon defi.

Satan ap toumante'w nan mete vye panse nan tèt ou pou fè'w konnen jan'w pa bon. "Ou fè'l kounya", li di. "Kiyes ou panse ke'w ye?" Bondye p'ap janm ale beni'w, ou ta dwe fè pi byen ke sa. Ou paka temwen okenn moun kounya. Bondye paka itilize'w paske'w two pa bon. Li p'ap tande okenn nan priye'w yo. Ou paka fè anyen ki bon.

Se lè sa ou dwe gen konviksyon pou leve pou'w di: "Papa mwen peche e mwen mande'w padon. Mwen sensè nan kè'm e mwen ta vle ou fè'm gras pou'w padone'm". Kounya pale ak Dyab la di'l: "Raple'l ke Bondye te peye deja pou tout peche mwen yo, li padone'm e Li libere'm de tout fot ak kondanasyon. Kounya, ale jwi lavi'w. Kwè nan Bondye epi bat pou'w se yon benediksyon pou lòt moun.

Men, li pwobab pou'w ap di nan kè'w, mwen kontinye ap fè menm peche sa yo ankò e ankò. Mwen te gen abitid fè vye panse sa yo tou, jiskaske mwen deside sispann kondane tèt mwen ak bagay sa. Lè'w sispann kondane tèt ou pou bagay ou fè ki pa bon, li va ede'w pou'w sispann fè sa ki mal.

Santiman remò ak kondanasyon kenbe'w nan soufrans ak depresyon nan yon pwen ki rann ou paka libere'w de yo. Li febli ou e li mete'w nan sitiyasyon ki pi fasil pou'w tonbe nan peche ankò. Fòk ou se yon moun ki gen anpil odas pou'w rive jwenn kado sa ki se padon nan men Bondye e pou Li pa rive kondane'w. Ou dwe aji ak anpil lafwa answit pou'w pa lage kò'w nan fè sa ki pa bon. Lènmi an ap di, « Ou vle di ke'w pa pral santi'w tris pou sa ? Poukisa ou dwe santi'w tris pandan kelke èd tan. Sa se yon move bagay wi si'w fè sa ». Tout sa'w gen pou di se : Non, non mw pa pral santi'm tris pou sa ditou ankò. Li kapab yon ti kras difisil lè'w fèk kòmanse ap fè sa, men lè'w komanse abitye ap fè sa w'ap wè jan l'ap vin fasil pou wou.

Nan Ezayi 53, nou aprann ke Jezi pa't sèlman pran peche nou yo mete sou do Li, men Li te pran kilpabilite nou yo tou. Djab la pa vle pou'w libere de kondanasyon. Poukisa ? Paske si'w kondane, ou p'ap kapab jwi lanmou Bondye gen pou ou. Kondanasyon separe nou de Bondye e nou p'ap ka jwi de presans Li. Li retire tout fokis ke'w te genyen sou Bondye epi li mete'l sou tèt ou.

Bat pou'w mache lib de tout kondanasyon e kwè lè Bondye di'w ke gras Li sifi pou lave salte'w yo e menm peche'w yo, e Li pwouve'w sa. Li renmen'w, e gras Li ak padon Li se kado'l pou ou. Resevwa yo jodia menm.

## Lanmou Se Yon Relasyon Ke Li Ye

*Nou menm nou konnen jan Bondye renmen nou, nou kwè se vre. Bondye se renmen an menm. Moun ki gen renmen nan kè yo, yo fè youn ak Bondye, e Bondye fè youn ak yo.*

**-1 Jan 4:16**

Kijan'w kapab gen plis konsyans de lanmou Bondye? Kelkeswa jan Bondye renmen'w, si'w pa konsyan de lanmou Li gen pou ou, li p'ap yon benefis pou ou. Gade jan'w santi'w byen lè yon moun montre'w jan li renmen ou. Lè'w konnen jan yo renmen'w, ou santi'w gen anpil konfyans. Bondye renmen'w e Li vle montre'w sa. Li envite nou chak nan yon relasyon pwofon, entim e pèsonel ak Li. Li vle ke nou envite Li nan tout sa n'ap fè. Li vle ke nou gen yon konvèrsasyon san rete ak Li kòm si nou te de bon zanmi.

Eske ou gen yon relasyon ki vrè, pèsonel ak Bondye? Se pa paske'w konsidere tèt ou kòm yon kretyen ki di ke w'ap viv yon bon relasyon ak Bondye.

Mwen te yon kretyen pandan plizyè lane avan ke mwen te vrèman gen yon relasyon serye ak Bondye. Mwen te toujou al legliz lè Dimanch, e mwen menm te konn fè yon ti kras sèvis volontè nan travay Bondye a, men malgre sa Bondye potko janm nan sant lavi'm. Mwen te santi'm vid anpil. Kounya, Li se premye moun ke mwen panse avel nan maten e Li se dènye moun ke mwen panse avè'l lannwit. Nou swiv youn lòt ansanm pandan jounen an. Pa gen anyen ke mwen vle plis ke sèvi Bondye e fè'l plezi nan tout sa m'ap fè. Gen yon gwo twou vid andedan nou chak ke se Bondye sèl ki ka ranpli'l. Pa gen okenn lòt bagay ke w'ap kouri dèyè'l, oubyen okenn lòt dezi ki kapab plen twou vid sa nan nou. Eske ou pran relasyon'w ak Bondye oserye? Eske'w vle mete Li e volonte Li yo avan tout lòt bagay? Eske'w ka di menm pawol Pòl te di a: "Se nan li nou gen lavi, se nan li nou ka bay kò nou mouvman, se nan li nou gen legzistans" (Travay 17:28).

Bondye renmen'w e ou trè espesyal pou Li. Li kreye ou pou'w ka rete an kominyon avèk Li. Se pi gran dezi Li pou lavi'w. Li toujou ap di'w yon ti "*bonjou, mwen renmen'w*" nan zòrèy ou chak maten avan jounen an kòmanse. Si'w poko janm tande ke Li di'w jan de pawòl sa yo, èske'w pral kòmanse pou koute e pou'w kwè?

Yon zanmi'm fè yon rèv kote li wè Papa Bondye ale nan kay tout moun k'ap viv nan peyi Etazini yon maten byen bonè. Li te prepare tout bagay pou'l te tande e pale ak yo. Li pran yon chèz e chita bò tab la L'ap tann yo. Lè moun yo leve nan kabann yo, yo prepare yo epi yo soti, yo rantre yo sòti, yo rantre yo sòti. Y'ap plede di Bondye, pita. Ou mèt chita la pandan yon ti tan, osito ke mwen fin fè sa m'ap fè a m'ap vin pale avè'w. Mwen vle swiv ou wi men se poko kounya, m'ap fè sa pita. Pita Bondye, pita. Fen jounen an rive, Bondye leve Li ale kite kay moun yo tou tris paske pa't gen pyès moun ki te gen yon ti tan pou te pale avèk Li pandan jounen an. Moun yo te tèlman okipe ap fè bagay ki te swadizan enpòtan pou yo ke yo pa't gen yon ti kras tan pou Bondye.

M'ap di nou pa twò okipe pou'w pale ak Bondye tande. Si'w pa gen tan pou'w priye e fè yon ti chita pale ak Bondye, sa pwouve ke'w twò okipe pou Bondye. Pran tan pou'w di Bondye jan'w

renmen Li. Paske tout bagay gen pou'l pase e se sèl Bondye k'ap rete. E si'w pa't gentan gen yon relasyon avèk Bondye m'ap di'w ke li kapab yon ti kras twò ta si'w pa gentan fè sa. Papa'm fèk sot mouri la e mwen kontan pou'm di'w ke li te resevwa Jezi Kris kòm sovè li twa lane avan li mouri. Byenke papa'm ale nan syèl, men li rate viv yon vi gloryez pou Bondye pandan li t'ap viv sou tè a. Li te toujou ap viv pou tèt li. M'ap diw sa, pa tann pou'w rive nan denye tan epi pou'w regrett ke'w te gaspiye tan'w nan bagay ki pa't vreman merite sa. Tan se yon kado presye ke Bondye ba nou, e nou tout dwe pridan nan sa n'ap pase tan nou. Ou wè byen lè tan an pase pagen anyen ki kapab fè'w rejwenn tan sa ankò. Lè'w pase tan'w ak Bondye ou jwenn yon rekompans mèveye, men lè'w pase tan'w nan lòt bagay yo koute'w plis ke sa'w pat janm kapab panse.

Mwen ta konseye'w pran yon ane pou'w kite Bondye renmen'w. Paske lanmou Bondye pote lajwa, lapè e li pèmèt ou viv yon vi pafè ak Bondye. Jis rilaks ou e aji tankou'w se ptit Bondye. Chèche fè etid sou Li pou'w kapab rive konnen Li pi byen.

Premye Jan 4:16 di: "Nou menm nou konnen jan Bondye renmen nou, nou kwè se vre. Bondye se renmen an menm. Moun ki gen renmen nan kè yo, yo fè yonn ak Bondye, Bondye fè yonn ak yo.

Ou kapab pa santi ke moun renmen'w byen bonè maten an. Petèt ke'w pa gen okenn fòs, e ou kapab di ke li pral fasil pou ou pou'w ta pase tout jounen avèk yon move tanperaman. Ou kapab chanje jan de sikostans sa yo lè'w di pawòl k'ap ba'w ankourajman ak lafwa. Di byen fò: "Bondye renmen'm anpil. Mwen se je Bondye e Li gen yon bon plan pou mwen". Si'w chwazi mache ak Bondye epi ak Pawòl Li olye de pwoblèm ou yo ak jan'w santi'w, ou kapab rann jounen'w lan pi byen menm si'w pat leve ak yon bon tanperaman maten an. Zanj yo tande pawòl Bondye olye plenyen ke w'ap plenyen yo.

Ou dwe pale ak tèt ou e pran konsyan ke lanmou Bondye antoure lavi'w. Bib la di ke Bondye gen non'w ekri nan pla men'l (Ezayi 49:16). Mwen jis kapab ap gade Li anlè a k'ap di, "Gade, oh èske yo pa bél? Se mwen ki pou di'w janm renmen yo. Jis gade ptit mwen yo la nan pla menm. Je Li toujou fikse sou ou pou Li raple'w jan'l renmen'w e Li ta renmen rete an kominyon avèk ou.

Sonje ke'w dwe toujou rekonesan anvè Bondye e devlope yon relasyon avèk Li. Dèfwa ou gen bezwen pou'w pran yon ti tan pou'w kanpe sou tout aktivite'w yo epi koube'w pou'w di Li mèsi dèské li fè'w konnen Li e di Li jan ke li mèveye. Relakse'w epi renmen Bondye. Premye Jan 4: 16-17 di: "Nou menm nou konnen jan Bondye renmen nou, nou kwè se vre. Bondye se renmen an menm. Moun ki gen renmen nan kè yo, yo fè yonn ak Bondye, Bondye fè yonn ak yo. Nou konnen nou renmen Bondye tout bon lè kè nou pa kache pou jou jijman an, paske n'ap viv nan lemonn tankou Kris la t'ap viv".

Lè'w konnen Bondye renmen'w sa ba'w konfyans nan Li e kwè nan pawòl Li. Tout benediksyon yo ap vini lè'w kite Bondye renmen'w, tankou: lafwa'w ogmante, viktwa sou peche, lapè nan kè'w, gerizon, ak yon vi ki ranpli avèk kado Bondye ak lajwa. Tout sa yo ap vini lè'w kite Bondye renmen'w. Anpil fwa nou ap vire anwon e panse pou'n di: "*bon, mwen dwe renmen Bondye*". Mwen panse premye bagay la se kite Bondye renmen'w. Mwen pa kwè ke'w kapab eksprime lanmou'w pou Bondye si'w pa kite Li renmen'w. Bib la di ke nou renmen Bondye paske li te renmen nou avan (1 Jan 4:19).

M'ap di'w pou'w rantre an kominyon ak Bondye, men kijan'w kapab fè sa? Lè Bondye te di'm pou'm rete an kominyon ak Li, mwen rale divan'm epi'm chita sou li epi'm di, kounya kisa, Bondye? Wi se vre, mwen pa't konnen kijan pou'm te antre an kominyon ak Bondye vrèman, paske nan moman sa mwen pa't konnen konbyen Bondye te renmen mwen e mwen pa't konprann ke Li te vle'm pou zanmi'l pou nou te gen yon relasyon sere.

Fè yon ti kanpe e kòmanse pa bay Bondye opòtinite, e Li pral aprann ou kijan ou kapab antre an kominyon ak Li. Mwen pa pral eseye ba'w yon fòmil ki kapab aprann ou fason pou'w antre an kominyon ak Bondye. Mwen pa vle pou'w gen yon pwen 1 pwen, 2 ,3 eksetera, men mwen vle ke'w kite'w gide pa Sentespri Li. Bondye vle'w santi'w konfòtab ak Li... aprètou, Bib la fè nou konnen ke Bondye se Kay nou.

## Lanmou, Konfyans ak Lafwa

*Paske, lè n'ap viv ansanm ak Kris la, kit nou sikonsi, kit nou pa sikonsi, sa pa fè anyen. Sa ki konsekan an se pou nou gen konfyans nan Bondye, yon konfyans k'ap fè nou viv ak renmen nan kè nou.*

**-Galasi 5:6**

Anpil nan nou pase anpil tan ap eseye wè si n'a gen lafwa. Nou konnen san lafwa nou paka fè Bondye plezi (gade nan Ebre 11:6), alò nou travay e fè anpil efò pou'n wè si n'a gen plis fwa. Men lafwa se nan kè sa soti, e n'ap jwenn li sèlman nan yon relasyon damou ak fratènité avèk Dieu e n'ap jwenn li osi nan tande pawòl Bondye. La fwa vini sèlman de yon revelasyon ke Bondye fè nou. Mwen paka aprann ou lafwa, men mwen kapab ba'w kèk prensip pou'w gen lafwa, e prensip sa yo ap fè'w tèlman anvi gen lafwa kote w'ap prè pou'w fè nenpòt bagay pou'w genyen'l. Lafwa se tankou yon men ki lonje k'ap tann pou'l resevwa yon bagay de Bondye.

Sispenn goumen pou'n gen lafwa men pito fè Bondye plezi, e kòmanse pa pase tan sa yo e efò sa yo ak Bondye, nan renmen Li e resevwa lanmou Li gen pou nou.

Si n'ap mache, se pa paske nou wè tout bagay klè, men se paske nou gen konfyans nan Kris la (2 Korint 5:7). Yon fwa pandan mwen t'ap li pasaj sa, mwen te santi Bondye vle fè kèk bagay dinamik avèk kè mwen. Mwen te eseye mache avèk lafwa. Nan chak bagay nan lavi mwen, m'te vle mache avèk lafwa. E pasaj la te di ke mwen ap kapab mache avèk lafwa sèlman lè'm mete konfyans mwen nan relasyon mwen genyen avèk Bondye. Pran yon ti tan pou'w panse avèk sa. Mande tèt ou kijan'w santi'w nan relasyon ke'w genyen avèk Bondye. Yon moun ki kwè ke li enjis nan je Bondye paka atann ke li pral mache nan lafwa. Bondye te rann nou jis atravè sakrifis Jezi Kris la (2 Korint 5:21). Delivrans nou an pa baze sou sa ke nou te fè oubyen sou sa nou pral fè, men li baze pito sou sa Jezi te fè. Yon moun ki kwè ke li se yon echèk mizerab e ke Bondye pa renmen'l paka mache nan lafwa.

Galasi 5:6 di ke lafwa aji pa lanmou. Anpil moun panse ke pasaj sa vle di ke si nou ka jere lanmou nou pou lòt moun ebyen lafwa nou pral aji pou nou e lè sa n'ap kapab resevwa sa nou vle a nan men Bondye. Malgre ke Bondye vle nou mache nan lanmou, men li enposib pou nou fè sa jiskaske nou kite Bondye renmen nou dabò. Li trè senp mezammi, nou pa kapab bay sa nou pa genyen. Pandan plizyè lane mwen eseye mache nan lanmou moun paske mwen konnen ke sa se kòmandman Bondye, men mwen echwe plizyè fwa jiskaske mwen resevwa lanmou enkondisyonel Bondye a pou mwen. Plis mwen santi'm byen ak tèt mwen se plis mwen te an mezi pou'm lonje menm bay lòt moun nan yon lanmou veritab. Si'w te konnen vrèman jan Bondye renmen'w, ou t'ap gen mwens pwoblèm pou'w reponn ak bezwen'w yo. Rezon ki fè ke nou paka resevwa anyen se paske nou pa gen yon konfyans total nan lanmou ke Bondye gen pou nou, ke Li vle nou pote ba Li tout bezwen nou yo pou Li kapab beni nou.

Petèt ke'w di :"ou ta renmen kwè sa men kijan'w kapab fè sa?" Ou gen lanmou Bondye andedan'w, e tout sa'w gen pou'w fè se kòmanse pa rekonèt li lè Li montre'w li. Bib la di ke:

Nou renmen Li paske Li te renmen nou anvan (1 Jan 4: 19). Li t'ap enposib pou'w renmen Bondye, si'w pa't gen asirans ke Li te renmen ou anvan.

Tout bagay sa yo deja andedan'w, nan fon kè'w. Se andedan'w yo ye. Bondye renmen'w. Ou mèveye. Ou bèl. Ou gen anpil talan. Pa gen pyès moun nan lemond k'ap kapab renmen'w jan Bondye renmen'w. Tan ke w'ap medite sou lanmou Bondye, se tan ke w'ap kapab libere fwa'w pou'w rive viv lavi ke Bondye resève pou ou a.

Ou pa bezwen okenn lòt moun ke Bondye, men Li va mete lòt moun nan lavi'w. Anverite si pa't gen okenn lòt moun ke ou ak Bondye tout bagay t'ap ok wi. Bondye pral vini pi bon zanmi'w. Li pral vin konpay ou si'w pa't genyen youn deja. Li pral manman oubyen papa ke'w pa't janm genyen an. Li se tout sa'w bezwen. Pa fè erè pou'w ap mande Bondye pou Li fè anpil bagay nan lavi'w men mande Li pito pou Li mete plis Li menm nan lavi'w. Mande Li pou'l ranpli'w ak tout Li menm (Efèzyen 3:16-19).

Bondye si tèlman renmen'w Li vle pou'w pote ba Li tout sa'w bezwen yo ak tout sa kè'w dezire yo. Otan ke'w santi'w kontan avèk Li, Li va chwazi ba'w sa Li wè k'ap bon pou ou nan lè k'ap bon pou ou a. Bondye te di Abraham ke Li pral beni li e li va yon benediksyon pou lòt moun. Se sa Bondye vle fè pou ou tou men fòk ou kwè sa. Libere fwa'w e kwè nan pwomès Bondye yo, paske pwomès sa yo se pou ou.

### Vèsè pou lafwa kapab travay nan nou

Efèz 2:8 di: "Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm, men se yon kado Bondye ban nou". Eske'w reyalize ke'w pa't fè anyen pou'w te sove? Anpil nan nou te konn fè peche ki pi kriyèl yo lè Jezi te sove nou, e kado delivrans sa pa't baze sou bon travay nou oubyen sou kapasite nou pou nou te fè sa ki bon. Men li te baze sou yon sèl bagay: Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pèdi lavi yo. Okontré y'a gen lavi ki p'ap janm fini an (gade nan Jan 3:16).

Gras la kapab vle di ke volonte Bondye pou Li itilize kapasite'l nan lavi'w pou Li kapab reponn avèk bezwen'w yo. Menm jan tankou Bondye, pa favè, Li te ba nou ase lafwa pou nou te kapab sove, Li menm tou, akoz lanmou Li, Li ba'w lafwa pou'w kwè pou lòt bagay ke'w vle oubyen lòt bagay ke'w bezwen. Li pwobab pou'w kapab vle ke moun ke'w renmen yo aksepte Bondye nan lavi yo, men verite a sèke'w paka fè okenn moun renmen Bondye. Ou kapab priye e mande Bondye pou'l fè sa rive, men'w pa kapab rann sa posib pa pwòp efò pa'w.

Zèv lachè nou yo toujou fè nou fristre, paske nou paka eseye fè yon bagay ke Bondye sèlman kapab fè. Nou lite anpil men nou pa jwenn okenn bon rezulta. Bib la di ke Bondye menm opoze ak sa, Li fache e Li defye nou jiskaske nou aprann pou nou imilye nou devan men pwisan Li an (1 Pyè 5:5).

Si konfyans sa ke Li te ba nou an te sifi pou delivre nou de tout peche nou yo, menm konfyans sa toujou andedan nou pou reponn ak rès bezwen nou yo pandan tout lavi nou. Yon fwa ke'w

kòmanse gen fondasyon lanmou Bondye nan lavi'w, lè sa w'a kòmanse fè'l konfyans. Lè'w kapab mache pa lafwa men non pa sa'w wè. Lè sa w'ap konnen nan kè'w ke Bondye kenbe pwomès Li yo.

Daprè Bib la, lafwa se: "Apiye nou nan tout pèsonalite nou sou Bondye ak konfyans absoli sou pwisans Li, sajès Li ak bonte Li (Kolò 1:4). Kòm ou aksepte pou Bondye renmen'w alor Li pral pèmèt ou fè sa. Otan ke ou gen yon relasyon pwofon avèk Bondye se otan ke lafwa'w ap ogmante. Ou gen pou'w wè ke Bondye fè bagay ki pwisan nan ou e pa ou menm, pou ou menm tou men tout dwe kòmanse pa yon revelasyon sou lanmou Bondye. Bondye renmen'w, pa doute sou sa.

## Leberasyon sou laperèz

*Kote ki gen renmen, pa gen kè kase. Okontré, lè nou renmen tout bon, si kè nou te kase, li pa kase ankò. Konsa, yon moun ki pè toujou, li poko fin renmen nèt. Paske si ou pè, se paske ou pè chatiman.*

- Jan 4:18

Nou ka rive nan yon pwen kote ke tout bagay prale byen pou nou nan lafwa nou, kwayans nou nan Bondye ak konfyans ke Li renmen nou tout bon. Men toudenkou, lènmi an voye yon bagay pou atake nou.

Sikonstans lavi nou, move bagay k'ap rive nan lavi nou, tout sa yo kapab rive pa pou lòt bagay ke pou teste lafwa nou. Gen kèk moun ki pa gen twò gwo pwoblèm pou kwè ke Bondye renmen yo jiskaske yo vin pèdi kwayans sa akoz de yon sikonstans.

Lè sa, lènmi an vini ak laperèz ak kondanasyon pou separe nou ak bagay ki vrèman kapab ede nou an ki se lanmou Bondye. "Ok, men kisa'w panse de sa?" li di. "Mwen te panse ke Bondye te renmen ou". Alò, poukisa move bagay sa yo ap rive'w konsa? Ou do fè kèk bagay tèrib. Bondye vrèman fache avèk ou.

Li fasil pandan peryòd eprèv ak tribilasyon yo, moman ki sanble malonèt ak enjis yo, pou'w rive pèdi konfyans ou nan Bondye. Bondye pa toujou fè bagay yo nan fason ak nan lè ke nou menm nou panse yo ta dwe fèt. Li gen plan pa'l ki pi bon lontan ke pa nou yo. Li vle chanje nou ankò plis ke Li vle chanje sitiyasyon nou yo. Souvan Li itilize sitiyasyon ki fè nou vrèman mal pou kondwi nou nan yon pwen ke se nan Li sèl ke nou va mete konfyans nou. Pandan tan sa yo, nou p'ap konprann sa k'ap rive yo e li kapab fasil pou nou tonbe nan pyèj pou n'ap panse ke Bondye pa renmen nou. Bib la di ke nou pa dwe kite okenn bagay vin separe nou de lanmou Bondye ke nou twouve nan Jezi Kris (Women 8: 35-39). Pi bon bagay nou ka fè lè nou gen pwoblèm se di byen fò, "Bondye mwen konnen ou renmen mwen, e mwen kwè ke sa pral mache pou byen mwen".

Pafwa, Bondye tann pou Li delivre nou lè nou panse ke li gentan twò ta. Eske nou sonje Laza? Li te malad, men Jezi tann ke Laza mouri menm avan Li ale ede'l ak fanmi'l. Mat te di Jezi ke li gentan twò ta, men Li te konnen egzakteman ki sa Li tap fè. Li kapab pa aji nan moman ke nou menm ta vle Li fè sa, men li p'ap janm twò ta pou Bondye. Lè ou va kontre pwoblèm ak difikilte nan lavi'w, aktive lafwa'w. Pa kite laperèz ak konfizyon vòlè lanmou Bondye nan ou.

Premye Jan 4:18 se yon vèsè ki vrèman pwisan: "Lanmou pafè a kouri dèyè laperèz". Mwen medite plizyè fwa sou pasaj sa, mwen chèche konprann li, e yon jou mwen rive konprann ke: Lanmou pafè a kouri dèyè laperèz e Bondye se Li ki lanmou pafè a. E lè'w konnen konbyen pafè lanmou sa ye anvè ou menm, ou pa pral janm kite laperèz kontwole'w. Menm si'w ta santi'w pè, w'ap kontinye mache pou pi devan avèk Bondye paske'w konnen Li toujou avèk ou.

Li enposib pou'w pè echèk si'w konnen ke Bondye renmen'w. Ou lib pou'w eseye anpil bagay paske'w konnen lanmou Bondye ak aksepte Li pa baze sou pèfòmans pa'w. Ou paka echwe si'w

depann de Bondye. Sèl fason ou kapab echwe se si'w depann de tèt ou. Bagay yo gendwa pa rive jan ke'w te planifye yo a, men y'ap rive byen si'w fikse je'w sou Bondye. Si'w konnen Bondye renmen'w, ou p'ap janm pè echèk, rejè, mankman, pase, avni oubyen okenn lòt bagay.

Lanmou Bondye a tèlman gran ke li rive kouvri tout bagay. Ou panse ke menm Bondye sa ki te sove'w la e libere'w de tout peche'w yo pral kite'w santi'w tankou yon moun ki echwe? Eske Li kite'w dekoraje? Satan se lènmi nanm nou. Li se yon vòlè e yon moun k'ap bay manti, men Jezi vle ke nou gen lavi e jwi lavi (Jan 10:10).

Nan Bib kreyòl la, pasaj ke n'ap diskite a li konsa : Kote ki gen renmen, pa gen kè kase. Okontrè, lè nou renmen tout bon, si kè nou te kase, li pa kase ankò. Konsa, yon moun ki pè toujou, li poko fin renmen nèt. Paske si ou pè, se paske ou pè chatiman, e moun ki pè a poko rive jwenn tout matirite nan lanmou (1 Jan 4:18).

Osito ke Bondye ede'm konprann ke lanmou Li a kouri dèyè laperèz, mwen te oblige mete konesans sa an pratik. Yon lè nou te gen pwoblèm machin. Nou te panse ke transmisyon an te sòti, e nou pa't gen lajan pou nou te ranplase li. Nou jis kontinye kondwi machin lan avèk lespwa ke li p'ap tonbe anpann.

Mwen te santi ke Bondye te ankouraje kè mwen yon maten ak pawòl sa yo: "Joyce, jis pase jounen an ap renmen'm, e kite'm renmen'w". Ou pa bezwen fè okenn lòt bagay ke sa. Ou pa bezwen ap eseye kòm yon dam ki gen gwo lafwa. Tout sa'w dwe fè se rete nan lanmou mwen".

Se konsa, mwen te chante, konpoze chante pou Bondye, epi pase yon trè bon moman. Toudenkou, mwen tandé mari mwen nan garaj la. Karansenk minit aprè li ale nan travay li. Li te ouvè pòt la e li te dim, "Mwen pa janm ka rive retire machin lan sou premye vitès la. Nou pral oblige pran'l pote'l bay pou yo ranje'l pou nou.

Mwen fèmen pòt la e mwen tonbe ri. Odinèman se pa yon bagay ke'm konn fè, e lè'm te fè se pa't mwen ki te deside fè'l. Li jus vini san'm pa konnen. Paske mwen te kite Bondye renmen'm, mwen te rive ri nan yon sitiyasyon ki te difisil pou nou. Rete nan lanmou Bondye ouvè pòt pou lafwa sòti olye ke se laperèz ki ta sipoze soti. Mwen te jis kòmanse ri, e sa se te lafwa. Mwen te ri paske mwen te konnen byen fon andedan mwen ke Bondye renmen nou e Li pral ede nou nan sitiyasyon sa.

Abraram te ri yon ri de konfyans nan Bondye. Lè Bondye te vin di'l ke li pral genyen yon pitit gason, Abraram te tonbe ri. Li te konnen ke pa't gen okenn mwayen naturel pou li ak Sara te gen yon bebe, men li te kwè nan Bondye, e lajwa li a te sòti pa yon kout ri. Mwen kwè ke lè nou aji konsa se pòt nou louvri bay Bondye ede nou nan yon fason ki dwòl. Kilès moun ki pra'l panse ak ri lè li twouve'l nan yon pwoblèm? Bib la di ke Bondye chita nan wayòm Li e l'ap ri ènmi Li yo. Si Bondye kapab fè'l nou ta sipoze kapab fè'l tou. Ale ri yon ri de konfyans nan Bondye. Aprè tout bagay konnen ke Bondye renmen'w, e si Bondye avè'w kiyès ki kapab kanpe kont ou?

## Lanmou Lonje Men Bay

*"Se sak fè, men kòmandman Kris la ban nou: Moun ki renmen Bondye, yo fèt pou renmen frè yo tou".*

- 1 Jan 4:21

Ou se ptit Bondye ki espesyal la. Se sa Li di nou nan Deteronom 7:6. Si ou kòmanse pa aji tankou ptit espesyal Li a, Li pral kòmanse pa chanje lemond. Ou prale nan mache a ak yon bel souri sou vizaj ou, pou'w ap panse ke'w gen yon moun ki renmen'w. Tout bagay ap mache byen nan lavi'm. Mwen kapab beni lòt moun ak lanmou sa ke'm santi Bondye gen pou mwen an. Fè kè'w kontan kelkeswa kote ou prale a, e kontantman'w lan pral beni lòt moun. Sòm 100:2 di: "Fè sèvis pou Seyè a ak kè kontan".

Lè nou komanse konnen ke nou espesyal nan plan jeneral Bondye yo, Li pral kòmanse aji tankou Li renmen nou. Nou kapab genyen lemond pou Jezi. Lanmou an pral pwopaje byen vit. Lamou Bondye a k'ap koule tankou dlo nan nou an pral pran anpil prekosyon pou'l pa blese lòt moun. Lanmou Bondye ki andedan nou an pral libere nou de laperèz, e ou pa pral gen pou'w pè pou'w rive jwenn lòt yo avèk lanmou sa. Ou pa pral gen pou'w pè lè yo rejete'w, oubyen lè yo pran avantaj sou ou, lamou Bondye a pral wè bezwen lòt moun yo genyen e Li pral eseye pou'l rezoud yo.

Bondye vle pou'w kwè lè Li di Li pral fè pi gwo travay atravè ou menm paske Jezi tounen al jwenn Li. Eske'w kwè vrèman ke Bondye pral itilize'w? Bondye pral ba ou sa'w kwè ke Li kapab ba'w la. Ou pa bezwen pè sòti.

Mwen pa't ka menm kòmanse pou'm di nou konbyen fwa mwen te kanpe sou yon "Lafwa Falèz", tou prè pou'm te fè yon bagay ki mal, e ta sanble Bondye di'm : « Vini Joyce, vini. Mwen pral fè gwo bagay atravè ou menm. Vini ». E mwen te vole al jwenn Li, e depi lè sa Bondye pa janm kite'm tonbe menm yon fwa.

Eske'w konnen poukisa mwen pa bay tèt mwen pwoblèm lè mwen pran yon echèk ? Se paske mwen konnen Bondye renmen mwen. Li renmen'm e Li konnen ke mwen renmen'l tou, e pa gras Li mwen renonse avèk lavi'm pou Li. Si'w te fè sa, epi'w renmen Bondye, e'w konnen ke Li renmen'w tou ebyen lè sa pa gen anyen ki pral yon pwoblèm ke'w p'ap ka rezoud.

Si vrè dezi'w yo se ede lòt moun, Bondye pral ede'w pou'w kapab ede yo. Ou pa bezwen anpil kapasite entelektyèl, ou jis bezwen mete'w disponib pou Bondye, e lè sa Bondye pral fè rès travay la. Petèt ou ka panse ke talan'w yo senp, men pafwa lè yon bagay parèt pi senp se lè sa li pi pwisan.

Pa viv lavi'w tankou yon egojis k'ap depanse tout fòs li nan konsatre'l sou ou menm e k'ap chèch reponn ak bezwen ou yo. Di Bondye sa'w bezwen yo byen senp e rapid, epi devlope fwa'w pou'w satisfè bezwen lòt moun yo. Sa ou rive fè pou yon lòt moun, Bondye pral fè sa fèt pou ou tou. Lè'w gen yon bezwen, panse a sa ou kapab fè pou lòt moun, pa pou tèt pa'w non.

Kòm ou rive jwenn lòt moun, Bondye resevwa li kòm yon gress ou simen pou sezon rekòt la ke'w vle nan pwòp vi pa'w.

Tout moun vle pwospere nan lavi yo, men nou dwe konnen kisa reyèlman pwosperite ye. Mwen renmen defini li tankou kapasite pou'w itilize kapasite Bondye genyen an pou'w reponn achak nesesite ki paret devan ou. Lanmou Bondye a pral ba'w kapasite pou'w mete nesesite pa lòt moun anvan nesesite pa'w yo. Eske'w panse Bondye renmen ou ase pou fè'w kapab briye ak lanmou, menm pou moun ki pa konn renmen yo, engrà yo?

Ou pa bezwen twòp disiplin pou'w rive renmen yon moun ki renmen'w tou. Men nou bezwen fè apèl ak pwisans Bondye a pou Li kapab pèmèt nou renmen moun ki pa renmen nou yo. Lanmou Bondye a k'ap koule tankou dlo nan lavi nou an pral fè li paske se pa yon lanmou ki baze sou okenn kondisyon. Jan nou jwenn li gratis la nou sipoze bay li gratis tou. Lanmou ki nan nou an pa janm febli ni abandone nou. Li kapab pran yon lane. Li kapab pran senk lane. Li kapab pran vensem lane, men li vo sa. Konbyen tan ke Jezi te tann pou Li te kontinye renmen nou? Moun ki gen renmen nan kè li gen pasyans, li gen bon kè, li p'ap anvye sò lòt moun. Li p'ap fè grandizè, li p'ap gonfle ak lògèy. Atribi sa yo se yo menm Jezi vide sou nou atravè lanmou li a, lè nou gen lanmou nan kè nou, pasyans, jantiyès ak imilite, fè nou kapab tounen al jwenn moun ki blese yo, sila ki pèdi yo ki swaf pou yo wè Bondye ap travay nan mond lan.

Bondye renmen ou, e Li renmen tout lòt moun ki antoure'w yo. Li renmen yo, kit yo sove oubyen yo pa sove, e Li vle itilize ou tankou yon kanal pou vide lanmou Li a.

Pa pè soti, paske lanmou Bondye a libere ou de perèz ak kondanasyon, e Li mete kapasite nan ou pou'w renmen. Mete anpil detèminasyon nan ou pou distribiye lanmou Bondye a tout kote. Ou ka kòmanse pa chèche zanmi ak lòt moun. Bay tèt ou travay sa pou'w chache fè zanmi e pou'w kapab yon benediksyon pou lòt moun tout kote'w pase.

Yon senp ospitalite se yon fason pou'w montre lanmou, espesyalman ak yon moun ki santi'l sèl e dekoraje. Mande moun pou yo vin manje avè'w. Fè moun yo rann ou ti vizit lakay ou. Bay lamen epi souri ak moun. Anbrase moun lè'w nan yon moman ki mande sa. Bay moun kek èd pratik tankou bay moun woulib pou al travay si machin moun sa ta nan garaj. Rive sou anplwaye ki nouvo nan travay la e wè si'w ka ede yo familyarize yo nan travay la. Bondye gen yon bagay pou wou pou'w fè. Li kapab pa yon gwo bagay, men se yon bagay ki vrèman enportan pou Li. Moun vrèman enportan pou Bondye.

Gen kèk moun se ou menm sèl ki kapab sèvi yo. Mande Bondye pou Li montre'w moyen pou'w rive jwenn lanmou Li, e Li pral aprann ou sa.

## Lanmou Bondye a Pral Chanje'w

*"Men kisa renmen an ye: Se pa nou menm ki te renmen Bondye, se li menm pito ki te renmen nou, ki te voye Ptit li a pou nou te ka resevwa padon pou peche nou yo, granmesi Ptit la".*

- 1 Jan 4:10

Bondye renmen nou, men mwen pa kwè anpil nan nou konprann aktyèlman lanmou ak ki Li renmen nou. Bondye te montre'm, atravè yon etid ke'm te fè sou sijè sa, ke si nou te reyèlman konnen, byen fon andedan nou, konbyen Li renmen nou, nou t'ap aji nan yon fason ki diferan de jan nou toutan konn ap aji.

Medite sou lanmou ke Bondye gen pou ou. Se sa ki pral chanje ou. Si gen yon bagay ke'w pa renmen de ou menm, "konnen ke ou konnen" Bondye renmen ou pandan w'ap tann pou Bondye travay nan ou pral ede ou jwi vwayaj la. Si ou senpleman rete fristre sou fot ou yo, ou p'ap janm ka chanje. Sonje ke, Bondye travay atravè lafwa, se verite lafwa ki lakòz nou antre nan repo Bondye a (Ebre 4).

Mwen sèten ke anpil moun k'ap li liv sa pa gen yon bon relasyon ak tèt yo. Yo pa renmen tèt yo, e gen posibilité pou yo menm rayi tèt yo. Si'w se youn nan lektè mwen yo ki konn ap goumen ak tèt ou, mwen vle fè'w sonje ke'w kapab rayi move bagay ou fè yo, men'w pa dwe janm rayi tèt ou. Jezi te mouri pou ou ke Li te sitèlman renmen an, e bagay ki pi piti ke'w kapab fè se resevwa kado presye Li a.

Bib la di : « menm jan li panse nan kè'l la, se konsa'l ye menm » (Pwovèb 23 :7). Osi lontan ke'w santi'w mal de tèt ou tout tan, ke w'ap rejte tèt ou, ou pa reyalize jan'w espesyal, ou pa pral aji daprè jan'w panse. Se jis paske'w pa reyèlman ranmase nan ke'w pwisans, chanjman lavi sa lefèt ke Bondye renmen'w pi plis ke'w pata ka imajine.

Bondye vle pou'w pase tan avèk Li chak jou. Se sa ki pral chanje'w. Si'w pa mete Bondye an premye nan lavi'w, sa vle di ke'w mete Li nan yon pozisyon kote ke Li p'ap kapab fè sa Li gen pou'l fè pou ou. Se tan prive sa ke'w pase ak Bondye, jus renmen Li e kite Li renmen'w, ki pral ede'w pou'w vin fò, odasye e gen matirite.

Anpil moun fè eskiz e yo pa janm pran tan pou yo konstwi yon gran relasyon ak Bondye, yo ta renmen gen yon bon relasyon ak Bondye men yo pa bay tèt yo okenn disiplin e okenn bon abitid tankou etidye labib ak priye. Menm fè bagay pou lòt moun mande anpil disiplin e li ta sipoze vini yon abitid.

Lanmou Bondye a pral chanje'w. Kòm ou fè eksperyans renmen li ak vin konsyan ak okouran de Li sou yon baz regilye, ou pral wè dezi ou yo chanje. Ou pral vle pou'w tankou moun ki renmen'w lan (Jezi). Konnen ak devlope karaktè Bondye nan lavi'w ta dwe premye priyorite nou yo. Pòl te di ke'l te detèmine pou'l te konnen Kris la ak santi nan li pouvwa ki te fè Li leve soti vivan nan lanmò (Filip 3 :10). Tanpri remake ke Pòl te di ke li te detèmine.

Gade pran relasyon'w ak Bondye oserye tandem. Ou kapab vini pi pwòch Bondye otan ke ou vle, sa pral sèlman depann de konbyen tan ou dispoze pou sa.

Bib la di ke nou se reprezantan pèsonèl Bondye e ke Li ap fè apèl li nan lemond atravè nou (2 Korentyen 5:20). Ekriti sa toujou atake mwen nan kè ak fè'm jwenn yon nouvèl fason pou'm konprann nan ki pwen li enpòtan pou nou swiv jan Lespri Bondye a ap mennen nou, jan li ap travay nan nou, chanje nou ak striktire nou pou objektif Bondye. Lanmou Bondye a vide nan kè nou pa pouvwa Sentespri a (Wòm 5 :5). Resevwa Li, jwi Li e kite Li chanje lavi nou.

## **Priyè Pou Invite Bondye Nan Lavi Nou**

Bondye renmen'w e Li ta renmen gen yon reslayon pèsonèl avèk ou.

Si'w potko aksepte Jezi Kris kòm sovè'w, ou kapab fè sa kounya la. Jis ouvè kè'w bay Bondye epi di priyè sa :

« Papa, mwen konnen ke mwen peche kont Ou. Tanpri padone mwen. Lave mwen. Mwen pwomèt ou pou'm kwè nan Jezi, pitit ou. Mwen gen konfyans ke Li te mouri pou mwen. Li te pran fado peche'm yo lè li te mouri sou lakwa. Mwen kwè ke Li te sòti vivan nan lanmò. Mwen remèt lavi'm nan men Jezi nan moman sa.

Mèsi, Papa, pou kado lavi etènèl ak padon'w. Tanpri ede'm pou mwen viv pou ou. Mwen priye'w nan non Jezi Kri, Amen ».

Kòm ou sot priye ak tout kè'w. Bondye resevwa'w, lave'w e libere'w de tout pouvwa Satan te gen sou ou. Pran tan'w kounya pou'w etidye Bib la e mande Bondye pou Li pale avè'w pandan w'ap mache avèk Li nan vwayaj sa pou yon lòt vi tou nèf.

Jan 3:16  
Efèzyen 1:4  
1 Jan 1:9  
1 Jan 5:1

1 Korint 15:3-4  
Efèzyen 2:8-9  
1 Jan 4:14-15  
1 Jan 5:12-13

Priye e mande Bondye èd Li pou'w jwenn yon bon legliz ki kwè nan Bib la, ki pral kapab ede'w grandi nan relasyon'w avèk Kris. Bondye ap toujou avè'w. Li pral gide'w jou aprè jou e montre'w kijan pou'w viv lavi an abondans sa ke Li gen pou ou.

## **Sou Otè a**

JOYCE MEYER se youn nan prensipal anseyan Bib pratik nan mond lan. # 1 Otè ki plis vann nan *New York Times*, li te ekri plis pase 100 liv enspirasyon, ki gen ladan *The Confident Woman (Fanm ki gen lafwa a)*, *I dare you (Mwen ba'w defi)*, epi *Battlefield of the Mind (Sou chan batay lespri)*. Premye aparisyon li nan fiksyon avèk *Penny*, ak anpil lòt ankò. Li te tou lage dèmilye ansèyman odyo ak tou yon bibliyotèk videoyo konplè. Joyce gen yon pwogram sou radyo ak televizyon ki rele *Enjoying Everyday Life®*, se yon emisyon ke yo bay atravè mond lan, epi li vwayaje anpil nan fè gwo konferans. Joyce ak mari li, Dave, yo se paran kat gran pitit, epi yo abite nan Saint Louis, Missouri.

POU KONTAKTE OTÈ A  
SILVOUPLÈ EKRI LI NANADRÈS SA YO:

Joyce Meyer Ministries  
P.O. Box 655  
Fenton, MO 63026  
USA  
(636) 349-0303  
[www.joycemeyer.org](http://www.joycemeyer.org)

Joyce Meyer Ministries—Canada  
P.O. Box 7700  
Vancouver, BC V6B 4E2  
Canada  
(800) 868-1002

Joyce Meyer Ministries—Australia  
Locked Bag 77  
Mansfield Delivery Centre  
Queensland 4122  
Australia  
(07) 3349 1200

Joyce Meyer Ministries—England  
P.O. Box 1549  
Windsor SL4 1GT  
United Kingdom  
01753 831102

Joyce Meyer Ministries—South Africa  
P.O. Box 5  
Cape Town 8000  
South Africa  
(27) 21-701-1056  
Ale sou [tv.joycemeyer.org](http://tv.joycemeyer.org)

Pou'w gade mesaj Joyce yo nan plizyè lang.

Dekouvri kado Bondye gen pou ou:  
Yon Lanmou San Parèy!

Chak mòso nan pwisans ak lanmou Bondye a disponib pou ou jodia. E ou pa sèlman yon moun pamí foul la. Bondye renmen'w kòm si ou te sèl moun ki t'ap viv sou tè a. Pwoblèm nan se, menm jan tankou anpil lòt moun, ou kapab pa konprann sa... oubyen si'w konnen'l nan tèt ou, ou pa santi'l nan kè'w. Kounya ou kapab. Mesaj pwisan ki gen nan liv enspirasyon sa pral montre'w:

- Kòman'w kapab rekonèt lanmou Bondye andedan'w
- Sispenn ap mande tèt ou si'w bon ase pou Bondye
- Kòman'w kapab viv yon revelasyon etonan de lanmou Bondye
- Kòman'w kapab jwenn Bondye menm pandan sikontans ki pi difisil nan lavi a
- Kòman lanmou Bondye a pral chanje ou pou toujou.

Pataje ide li yo e revelasyon ki te transfòme lavi'l, Joyce Meyer pote pou ou ekriti ak pawòl sagès ki kapab louvri fenèt ki pou pèmèt lanmou Bondye antre epi pou limyè Li a briye sou ou pèsonelman.